

Bwochi sa a gen enfòmasyon jeneral pou yo sèvi nan domèn edikasyon epi yo pa fè l pou bay konsèy medikal. Pale ak doktè w oswa ekip k ap dirije rechèch la anvan w pran desizyon apati nenpòt enfòmasyon ki ladan l si w bezwen konsèy ki espesifik pou sitiyasyon w nan.

Rechèch medikal

DEKOUVÈT PA CHANS

Kesyon pou w poze anvan w deside patisipe nan rechèch :

- > Ki kalite dekouvet w ap pataje avèk mwen ? Si w pap pataje dekouvet ou fè pa chans yo avèk mwen, èske w ka di m poukisa ?
- > Èske m ap ka chwazi kilès nan rezilta yo pou w pataje avèk mwen ? Sa k ap rive si m pa vle konnen ?
- > Èske w pral poze m kesyon sou preferans mwen yo pandan tout dire etid la ?
- > Sa k ap rive si w jwenn yon kondisyon medikal grav oswa lòt enfòmasyon sou lasante m ?
- > Kilès k ap peye pou swen swivi m yo ak tretman mwen ?
- > Sa k ap rive si w aprann enfòmasyon ki ta ka afekte desizyon sou plan fanmi m genyen ?
- > Sa k ap rive si w vin aprann yon bagay ou pa t atann ou sou istwa fanmi mwen ?
- > Èske w ap anmezi pou asire w tout rezilta yo ap kòrèk ?
- > Ak kilès m ap ka pale de rezilta sa yo ?



Se ou k ap chwazi si w vle patisipe nan rechèch.
Mande enfòmasyon. Poze kesyon. Jwenn repons.



Yale

Tufts

CTSI

Tufts Clinical and Translational Science Institute

Pandan yon etid rechèch, yon chèchè ka jwenn yon bagay li pa t ap chache. Yo rele sa yon “dekouvet pa chans.” Dekouvet sanzatann sa yo pa an rapò dirèkteman a rechèch la. Men, yo ka montre enfòmasyon enpòtan sou lasante yon volontè k ap patisipe nan yon rechèch.

Ou gen kesyon ? Rele nou nan

Enfòmasyon sou rechèch medikal

Rechèch pa menm ak swen medikal pèsònèl. Lè w vizite pwòp doktè w pou swen medikal ou yo, se lasante w ak byennèt ou ki priyorite prensipal doktè w la.

Men, si w patisipe nan yon etid rechèch, lasante pèsònèl ou pa pwen santral rechèch la. Rechèch medikal eseye reponn yon kesyon syantifik espesifik. Yo pa fè tès ak aktivite nan rechèch pou yo ba w swen medikal.

Se ou k ap chwazi si w vle patisipe nan rechèch

Yo met anplas pwoteksyon pou sekirite tout volontè ki patisipe nan rechèch yo (yo rele moun sa yo "sijè rechèch" tou) ak pou asire yo yo trete volontè yo avèk respè. Patisipasyon nan yon etid rechèch konplètman volontè – Se ou k ap chwazi si w vle patisipe. Mande èd si gen yon bagay ou pa konprann. Ou pa dwe janm santi y ap fè w mache prese oswa mete presyon sou ou. Ou ka chanje lide nenpòt lè, pou nenpòt rezon.

Kisa dekouvet pa chans yo ye ?

Pandan yon etid rechèch, yon chèchè ka jwenn yon bagay li pa t ap chache. Yo rele sa yon "dekouvet pa chans." Dekouvet sanzatan sa yo pa an rapò dirèkteman a rechèch la. Men, yo ka montre enfòmasyon enpòtan sou lasante yon volontè k ap patisipe nan rechèch la.

Site kèk tip dekouvet pa chans.

Gen plizyè tip dekouvet pa chans. Men kèk egzanp :

- > Aprann nouvo enfòmasyon sou ou ak lasante w
- > Jwenn yon bagay k ap pouse oswa yon tach nan yon eskanè (CT), Imajri pa rezonans mayetik (MRI), oswa eskanè Tomografi pa emisyon pwoton (PET scan) oswa yon lòt tès
- > Aprann ou gen yon kondisyon medikal oswa sikyatrik ou pa t konnen anvan sa. (Kondisyon sa a kapab se yon bagay yo ka oswa pa ka trete.)
- > Dekouvri oumenm oswa manm fanmi w yo ta ka gen yon risk pou n devlope yon maladi alavni. (Sa ta ka afekte desizyon sou plan fanmi an genyen.)

Pafwa, chèchè yo kapab pa konnen sa yon dekouvet vle di, oswa kòman li ka afekte lavi w oswa lasante w an jeneral.

Èske chèchè yo ap pataje rezilta yo avè m ?

Desizyon pou yo pataje rezilta rechèch yo ak dekouvet sanzatan yo depann de ki tip enfòmasyon yo jwenn ak preferans ou yo kòm yon volontè rechèch. Chèchè yo ka pataje kèk oswa tout rezilta yo avèk ou. Men, ou gen dwa pa konnen okenn nan rezilta yo pandan anpil tan.

Li posib tou pou chèchè yo pap pataje okenn rezilta oswa dekouvet pa chans. Men, ou ta ka toujou gen yon pwoblèm lasante oswa devlope youn alavni. Pale ak doktè w la oswa yon lòt moun k ap ba w swen medikal si w gen nenpòt kesyon sou lasante w.

Mande chèchè yo ki enfòmasyon y ap pataje avèk ou (si genyen). Mande ki resous ki disponib si w jwenn yon bagay sanzatan sou lasante w.

Aprann de dekouvet pa chans yo

Avantaj : Ou ta ka jwenn avantaj nan sa w aprann de dekouvet pa chans yo. Pa egzanp, dekouvet sa yo ta ka enfòme w de risk ou genyen pou w devlope yon maladi. Nan kèk ka, ou ta ka anmezi pou w pran mezi pou diminye risk ou a. Nan lòt ka yo, enfòmasyon sa yo ta ka ede w pran desizyon nan lavi w. Gen kèk dekouvet ki ka ede tou manm fanmi w yo ki ta ka pataje risk ou genyen pou w devlope yon maladi oswa yon kondisyon. Ou ta dwe diskite nenpòt dekouvet pa chans avèk doktè w la.

Risk yo : Sa ka kontrarye w anpil pou w aprann enfòmasyon sanzatan sou lasante w. Sa se vre sitou si w aprann ou genyen oswa w ap devlope yon kondisyon ki pa gen tretman oswa gerizon. Gen chans pou dekouvet pa chans yo ta ka afekte relasyon famiyal oswa sosyal ou, chanje desizyon sou plan fanmi w genyen, oswa afekte w finansyèman. Ou ta ka bezwen pou yo fè plis tès ak pwosedi pou yo chache konnen kisa enfòmasyon yo vle di reyèlman. Li posib tou pou enfòmasyon yo ta ka pa kòrèk, kidonk ou ta gen enkyetid san rezon.

Ekip k ap dirije etid la ap revize yon Fòm konsantman enfòme avèk ou epi y ap eksplike w objektif yo pou etid la ak risk ak avantaj ki ka gen ladan l. Pale ak ekip k ap dirije rechèch la sou dekouvet pa chans yo. Poze kesyon sou risk ak avantaj ki genyen nan aprann sou kalite dekouvet sa yo. Konsidere kòman kalite enfòmasyon sa yo ta ka afekte oumenm ak fanmi w.